

23 jiyè, 2021

Chè Kominote Lekòl Piblik Boston:

Mwen espere w ap pase yon bon ete, an tout sekirite. M ap ekri w pou m ba ou kèk mizajou sou pwogrè n ap fè sou divès inisyativ distri a, e pou m ba w kèk enfòmasyon anplis pandan n ap planifye yon bon kòmansman ane skolè 2021-2022 a.

Kòm yon rapèl, premye jou lekòl pou elèv klas 1ye jiska 12yèm ane yo se va jedi, 9 septanm. Premye jou lekòl pou elèv klas lekòl matènèl yo ak jadendanfan se va lendi, 13 septanm. Kalandriye konplè a pou ane skolè 2021-2022 a disponib sou sit entènèt : [bostonpublicschools.org/calendar](https://www.bostonpublicschools.org/calendar).

Pwotokòl Sante ak Sekirite pou Otòn nan

Lekòl Piblik Boston (BPS) ap kontinye suiv syans ak gidans fonksyonè sante piblik yo. Jan nou te di sa oparavan, BPS ap pral founi aprantisaj an pèsòn pou tout elèv pou nouvo ane skolè a, apati mwa septanm.

Selon "[Gidans CDC a etabli pou Prevansyon COVID-19 nan lekòl Klas Jadendanfan jiska 12yèm ane yo \(K-12\)](#)" ki pibliye mwa sa a, "Elèv yo tire avantaj nan aprantisaj an pèsòn, e retounen nan aprantisaj an pèsòn nan pou otòn 2021 se yon priorite. Nan moman sa a vaksinyasyon alatèt strateji prevansyon pou mete yon fen nan pandemi COVID-19 la."

BPS atann pou l egzije tout elèv ak manm pèsònèl mete mask pandan yo anndan bilding lekòl yo ak lè y ap pran transpòtasyon otobis jòn yo lèske yo retounen lekòl an septanm. Nou konnen ke elèv nou yo ki gen laj 11 an e pi jèn pa ko kapab vaksinen, e pou sila yo ki genyen laj 12 a 15 an se sèlman 18% nan yo nan vil Boston ki vaksine nan moman sa a. Pou sila yo ki genyen laj 16 a 24 an se sèlman 52% ki vaksinen. Vaksen se meye fason pou n pwoteje tèt nou kont COVID-19, epitou mete mask se yon zouti prevansyon enpòtan ke nou dwe itilize.

BPS pa genyen plan pou l fè distansyasyon fizik obligatwa lèske nou retounen nan lekòl yo otòn sa a. [Gidans CDC a](#) deklare ke distansyasyon fizik se yon strateji sante ak sekirite, men si li pa posib pou n reouvri lekòl yo konplètman e kenbe distansyasyon fizik nou anmenmtan, elèv yo toujou dwe aprann an pèsòn e distri skolè yo dwe itilize divès lòt strateji prevansyon, tankou mete mask anndan bilding yo, lave men souvan, ak bon vantilasyon anndan bilding yo.

N ap suiv mizajou yo k ap sot nan Sant pou Kontwòl Maladi a (Centers for Disease Control - CDC) ak fonksyonè sante piblik yo, epi n ap tann plis gidans nan men Depatman Elemantè e Segondè Massachusetts la (Mass. Department of Elementary and Secondary Education - DESE) konsènan atant yo pou pwotokòl sante ak sekirite. N ap finalize plan nou infwa ke n resevwa gidans pou reouvèti pou otòn nan, nan men DESE, e konsilte kolèg nou yo nan Komisyon Sante Piblik boston an.



Finansman ESSER la

Pa twò lontan BPS te pibliye [premye bwouyon plan an](#) pou distribye 400\$ milyon finansman Sekou Ijans pou Lekòl Elemantè e Segondè a (Elementary and Secondary Schools Emergency Relief (ESSER)) ke distri a atann resevwa nan men gouvènman federal la pandan twazan k ap vini yo. Plan an tradui an nèf lang e l ap disponib pou kòmantè gran piblik la jiska vandredi, 30 jiyè. Revize plan an epi soumèt kòmantè w yo sou [fòmilè entènèt](#) la sou sit entènèt : bostonpublicschools.org/FederalReliefFunds21.

Nou envite tou tout manm kominote yo jwenn ansanm avè n pou yon [sesyon komantè kominotè](#). Pwochèn reyinyon vityèl nou se va [jedi, 29 jiyè](#), apati 6:00 jiska 7:30 diswa. Enfòmasyon reyinyon an disponib tou sou sit entènèt : bostonpublicschools.org/FederalReliefFunds21.

Infwa ke peryòd kòmantè gran piblik la fini 30 jiyè, m ap revize kòmantè n te resewa pandan twa mwa ki sot pase yo, epi m ap founi yon rezime sou envestisman majè yo bay Komite Skolè a pandan pwochèn reyinyon l lan, nan jou 4 out. Nou reyalize ke nou p ap kapab finansye tout demann, men nou detèmine pou n kontinye evalye pwogrè nou e fè kèk ajisteman, jan sa ta nesèsè, pandan twazan k ap vini yo.

Regleman sou Admisyon nan Lekòl Konkou Antre yo

Semèn dènye, Komite Skolè Boston an te awpouve yon [nouvo regleman admisyon](#) pou twa lekòl konkou antre distri a : Boston Latin Academy, Boston Latin School, ak John D. O' Bryant School of Mathematics and Science. Mwen reyèlman rekonesan pou travay devwe chak manm Gwoup Travay la, ki te genyen ladan l paran, dirijan lekòl, elèv, ak lidè kominote a. Gwoup Travay la te pran an chaj responsabilite l pou l te fòmile yon regleman pou tout lekòl konkou antre n yo, pou ogmante opòtinite ekitab, mentni rigè ak bon rezilta nan afè etid pami yon popilasyon elèv ki reflekte divèsite rasyal, sosyoekonomik, e jeyografik tout elèv BPS yo. Nouvo regleman an ap kòmanse enpakte admisyon yo pou ane skolè 2022-2023 a. Enfòmasyon sou twa lekòl konkou antre sa yo, pami yo yon feyè enfòmasyon sou nouvo regleman an, ap disponib nan 10 lang, sou sit entènèt : bostonpublicschools.org/exam. N ap kontinye founi enfòmasyon sou nouvo regleman an bay fanmi yo, epi n ap afiche kèk mizajou sou paj entènèt lekòl konkou antre yo.

Apwobasyon nouvo kritè admisyon yo se yon etap enpòtan pou n avanse pou n atenn regleman ak pratik ekitab nan tout distri nou an. Pandanke n ap travay pou n met nouvo regleman sa a sou pye, n ap dirije efò nou anvè travay enpòtan reenvansyon lekòl segondè yo pou n asire ke tout elèv Lekòl Piblik Boston genyen aksè a bonjan kalite edikasyon.

Mèsi pou sipò ak kolaborasyon kontinyèl ou. Mwen espere wè elèv nou yo, manm pèsònèl nou yo, ak fanmi n yo pi souvan pandan nouvo ane skolè a.

Mwen swete w meyè ve m,



Doktè Brenda Cassellius
Sipèentandan